



CHIKAMU 6


ERIYA



PAIVA NAMAMBO AKANGE ASINA
SIMBA RAMWARI AKATONGA
KUCHAMHEMBE KWEIZIRAYERE
MUGORE RA918 KIRISITU
ASATI AZVARWA. AHABHU
WAIGARA MUSAMARIYA PEDYO
NEVASIDHONI AVO VAINAMATA
BHAARI. AHABHU WAKAROORA
MUKUNDA WEMUPIRISITA
WABHAARI AINZI JEZEBHERO.



JEZEBHERO AKANGE
AINE SHUNGU DZOKUTI
VANHU VOSE VAZIVE
NOKUMATA BHAARI.
WAISVORA CHITENDERO
CHAIZIRAYERE.



BATAI
VAPOROFITA
VOSE VAJEHOVHA
MUVOURAYE. BHAARI
OGA NDIYE MWARI
ACHANAMATWA.

MAMBO VAKANGE VAINA
MURANDA WAVO OBHADHIYA
AINAMATA MWARI.

REGAI
NDITSVAGE
VARANDA VASHE VOSE
NEKUVAYAMBIRA.

OBHADIYA WAKAVIGA
VAPOROFITA VAJEHOVHA
MUBAKO, ACHIVAVIGIRA CHIKAFU.



1 MADZIMAMBO 16:28, 31, 18:4



**KWAIVA NOMUPOROFITA
WAMWARI AKATADZA
KURAMBA AKAZVIVANZA
AINZI ERIYA.**



MAMBO AHABHU,
TEERERAI KUIZWI RASHE,
MAKARAMBA MWARI
MUKAROORA MUDZIMAI
WENYU JEZEBHERO UYO
ANOKUTUNGAMIRAI KUITA
ZVAKAIPA. MWARI VATI
HAKUCHAZOVA NEMVURA
KANA DOVA KUSVIKA ZUVA
RANDICHATAURA.

WAKASEKA
AHABHU, HA, HA, HA.. TINE
VAPOROFITA VAZHINJI VASINA
CHAVAKAMBOONA PAMUSORO
PEKUSHAYIKWA KWEMVURA. TANGE
TIINE MVURA YAKAKWANA MAKORE
OSE APFUURA AWA. IWE UNOZVIITA
MUPOROFITA ANOONA, IBVA MBERI
KWANGU, HALINA CHAUNOONA IWE.

DAMBUDZIKO REKUSHAYIKWA KWEMVURA RAKAKURA,
VANHU VAKATANGA KUPERERWA NEZVOKUDYA.

VAPOROFITA VABHAARI HAVANA CHAVAKAKWANISA KUITA.
KWAKANGE KUSINA DOVA KANA DONHWE ZVARO REMVURA.
ERIYA WAKATUMWA NASHE KUSHIRIKADZI IYO AKAVIMBISA
KUZOMUPA ZVOKUDYA KANA WAMUPA POKUVATA.




NDIVIGIREWO
MUKOMBE
WEMVURA
NECHIMEDU
CHECHINGWA.

REGAI NDIKUUDZEI CHOKWADI,
MUNO TANGOSARA NETWUPFU
TWUSHOMANENE, TWOKUTI TIKADYA
INI NOMWANAKOMANA WANGU TOBVA
TAVATA TOFA HEDU. HATINA TARIRO, MWARI
UNOTIRANGA NOKUDA KWEZVIVI ZVEDU.



MUSATYA, MWARI
UCHAKUCHENGETAYI.

KANYA HAKO CHINGWA
CHAKO WOTANGA WALIYA
NACHO KWANDIRI, IMI
MOZODYA MUSHURE. MWARI
VATI UPFU NEMAFUTA IWAYO
HAZVIZOMBOPERI KUSVIKA
MVLURA ICHINAYA.



ICHOKWADI,
MUNE UPFU
NEMAFUTA
ASARA.

1 MADZIMAMBO 17:1, 10-16




**HAUSI KUPERA
PATINOHINGIDZIRA,
HUNORAMBA
HUCHINGOBUDA!**


**UYU
MUNANA
CHAIWO!**

**KWEMAKORE MAVIRI
AKATEVERANA,
VATATU AVA VAKADYA
KUBVA PACHIKASHA
CHEUPFU ICHOCHI.**

RIMWE ZUVA ERIYA
WAKAWANA MWANAKOMANA
WESHIRIKADZI IYI AFA.



ABATWA
NEDZIHWA
NDOKLIFA!

A man with a grey beard, wearing a long red robe, is carrying a woman on his back. They are walking up a set of stone steps. The woman has dark hair and is wearing a dark dress. The man is looking back over his shoulder at the woman.

NDAKUTADZIREI
MURANDA WASHE?
WAKALIYA PANO
KUZONDIRANGARIDZA ZVIVI
ZVANGU HERE NOKUURAYA
MWANAKOMANA WANGU?

A close-up of a woman with dark hair, wearing a blue dress and a blue headscarf. She has a large gold earring and is covering her face with her hands, appearing to be crying or in deep distress.


KUNA MWARI
KWAIZIRAYERE!

KUNA JEHOVHA,
TENDERAI MWEYA
WEMWANAKOMANA UYU
UDZOKE MAARI ZVEKARE!





MWARI WAKANZWA
MUNAMATO WAERIYA
NDOKUTENDERA MWEYA
WEMUKOMANA UYU
KUDZOKERA MUMUTUMBI
WAKE ZVEKARE.




NDINOTENDA
MWARI,
WAABHURAHAMU,
ISAKA,
NAJAKOBHO.
HAKUNA MUMWE
MWARI KUNZE
KWENYU!

NDAKUUDZAI
KUTI KUNA MWARI
KWAIZIRAYERE.

MWANANGU!

1 MADZIMAMBO 17:17-24



NZARA YAKADHONZA
KWEMAKORE MATATU, ASI VANHU
VAKARAMBA VACHISHUMIRA
ZVIFANANIDZO ZVABHAARI.

SEYI
BHAARI
ASINGATINZWE
OTITUMIRA
MVLURA!

PAMWE
CHIFANANIDZO
CHISINA
NZEVE, UYE
CHISINGANZWI.

JEZEBHERO NAAHABHU VAIPA MHOSVA
YOSE YEKUSHAIKWA KWEMVURA
KUNA ERIYA. VAKATUMIRA MAUTO
NOMUNYIKA DZAKAVAKOMBEREDZA
KUNOMULURAYA KANA VAMUBATA.



BURITSAI
ERIIYA KANA
MAKAMUVANDISA.
WESE
AKAMUVANDISA
ACHAURAWA!



IWE AHABHU,
UNONDISVAGA
HERE?

NDIWE HERE
UNOTAMBUDZA
IZIRAYERE NENZARA
YOSE IYI?

NDIWE UNOTAMBUDZA
IZIRAYERE NEZVINAMATO
ZVABHAARI IZVI. NDINOKUDANAI
NEVAPOROFITA VOSE VABHAARI
MAZANA MASERE NEMAKUMI
MASHANU KUGOMO REKAMERO,
UKO TICHAONA MWARI
WEMAZVIROKWAZVO.

MAKWIKWI,
MAKWIKWI... ZVAKANAKA.
TINOLIYA NOKUTI
KUCHANAKIDZA UKU.




MUMAZUVA
AKATEVERA.

MUCHARAMBA MUCHIDZUNGAIRA
KUSVIKA RIINI? KUNA MWARI MUMWECHETE,
KANA BHAARI ARI MWARI NGAANAMATWE, KANA
JEHOVHA VARI MWARI NGAVANAMATWE!
SARLUDZAI NHASI!

NDINOKUDANAI
KUMAKWIKWI AYA IMI
VAPOROFITA VABHAARI
MUZUVA RANHASI.

ZVAKANAKA,
TINOADA MAKWIKWI AWA
OKUTI TIZIVE MWARI
WAZVOKWADI!



VAKAI ARITARI KUNA BHAARI,
INI NDICHAVAKIRAWO MWARI WANGU
YAKE. TICHAIISA HUNI PASI PEARITARI
ASI KWETE MOTO.

MUCHANAMATA
KUNA BHAARI, INI
NDICHANAMATAWO
KUNA JEHOVHA.
MWARI UCHAPISA
CHIPIRISO NOMOTO
NDIYE MWARI
WEMAZVIROKWAZVO.
CHITANGAI IMI
NOKUTI NDIMI
MAKAWANDA.




**BHAARI, TINZWEWO,
BHAARI TINZWEWO!**



NHAIWE
BHAARI
TINZWEWO,
TINOPIRA
CHIPIRISO
ICHI KWALURI
MUZUVA
RANHASI!


MAMBOKADZI
WEDENGA
HUYA LBATSIRE
BHAARI MUZUVA
RANHASI!



KANA BHAARI
ARI MWARI HAASI
KUKUNZWAYI, PAMWE
ARIKUTaura NEVAMWE,
PAMWE ARI PARWENDO,
KANA KUTI AKAVATA.

DAIDZIRA IWE
BENZI REMUNHU.
HAUKWANISE
KUDAIDZIRA HERE!

1 MADZIMAMBO
18:22-27



NDIZVOZVO
CHAIZVO! AKAVATA,
MOTOSHAMARARA KUTI
AMUKE AGOKUNZWAYI!

MUSAORE MOYO
VADIKANI. PAMWE
TIKAZVICHEKA-CHEKA
BHAARI ANGAFARE
NESU.

VAPOROFITA VABHAARI
VAKABATWA NESHUNGU,
NDOKUTANGA
KUSHAMARARA
VACHIZVIKANDIRA PASI
NOKUZVICHEKA-CHEKA.


YOWEE!

VEDUWEEEE!

VEDUWEEEE!

HONA
NDINOKUPA ROPA
RANGU IRI NHAIWE
BHAARI! TINZWEWO
KANI! CHIZVIRATIDZA
NHASI!





CHIONAI, MANGE
MUCHIDANA KWEMAAWA
MAPFUMBABWE KUNA MWARI
ASINGANZWI, DAI ARIMWARI
ANGADAI AKUNZWAI.

WAVA MUKANA
WANGLWO UYU!
SWEDERAI PEDYO
MUONE ZVAANOITA.

NHAIWE
BHAARI, SEI
USINGATINZWE?

1 MADZIMAMBO
18:28-30




KOSEYI
ARICKUCHERA
GOMBA
GURU?

ANODA
KUTIPEDZERA
NGUVA KUTI
KUSVIBE
CHETE.

UCHATANGA
RIINHI
KUNAMATA,
HATISI KUITA
ZVEKUTAMBA
KA PANO?

ENDAI
MUNOCHERA
MIGOMO MINA
YEMVURA MUDIRE
PACHIPIRISO
ICHI!

MVURA!
CHINOTSWA
SEYI UKADIRA
MVURA?



HACHISATI
CHATOTA
ZVAKAFANIRA,
DIRAI MIMWE
MIGOMO MINA
YEMVURA.

UYU
MUPOROFITA
ANOPENGA,
HAPANA CHAANOITA
CHINOBLUDIRIRA
APA.

UKATI
DZICHIRI
KUDHONZA HERE
DZAKO IWE? SEI
MAMBO VACHIREGA
ZVINHU ZVAKADAI
ZVICHIIITWA?



AKASEKA HAKE.. GE .. GE.. GE.. KUNE CHINOREMA
HERE KUNA JEHOVHA? DIRAI MIMWE MIGOMO YEMVURA.
MUCHAZIVA KUTI KUNA MWARI KWAIZIRAYERE UYE ZITA
RAKE HARISI BHAARI.

AHABHU
LICHAMUURAYIRA
MUROMO WAKE
IWOYO.



DZOKERAI
SHURE
ZVISHOMA.

DZOKERAI
ZVEKARE
SHURE.

DZOKERAI
SHURE
ZVEKARE.



JEHOVHA, MWARI
WAABHURAHAMU, ISAKA,
NAIZIRAYERE, ZVIRATIDZEYI MUZUVA
RANHASI KUTI NDIMI MOGA MWARI,
UYE KUTI INI NDIRI MURANDA WENYU,
UYE KUTI NHASI MATENDEUTSIRA
VANHU AVA KWAMURI.



NGANDU.. NGANDU.. NGANDU...

HONAI... HONAI...

YOWEEEEEE...

YOWEEE...

**1 MADZIMAMBO
18:35-38**



**MWARI
WAABHURAHAMU!**

**URIKUPISA
MOTO UYU!**

**MOTO
WEDENGA...**

**TIBAT-
SIREI!**



MWARI
WAABHURAHAMU
NAISAKA WAPINDURA
NOMOTO!

WAPISA
MATOMBO
OSE NETSVINA
YOSE IYO!


NDIMWARI
WORUDZII UYU?
HAANA ZVIFANANIDZO
ASI ACHISHANDA
NENZIRA YAKADAI?



**KWETE
KANI!
TINZWIREWO
TSITSI!**

MOZISI WAKARAYIRA
KUTI TINAMATE MWARI
WEHONDO, UYE KUTI VAFE
VOSE VANOSHUMIRA
VAMWE VAMWARI.

DHUTURONOMI 17:2-5; 1 MADZIMAMBO 18:38-40



URAYAYI VOSE
MAZANA MASERE
NEMAKUMI
MASHANU.

ASI
TANGA
TISINGAZIVE.

BAYAI VOSE
NEPFUMO
IZVOZVI!

VAPOROFITA
VABHAARI VOSE
VAKAURAWA.

MAMBO IDYAI MUNWE
NOKLICHIMBIDZA, NDINONZWA
MALINGIRA EMVURA ZHINJI.




MAKORE MATATU APFUURA ERIYA WAKANGE
ARAIRA KUTI KUSANAYE. NOKUTI VAPOROFITA
VABHAARI VAKANGE VAFA, UYE VANHU VAKANGE
VADZOKERA PACHINAMATO CHECHOKWADI,
ERIYA WAKAIRA MVURA KUTI INAYE ZVEKARE.



MVURA ZHINJI YAIZOZADZA NZIZI
VANHU VOTADZA KUYAMBUKA
NOKUDZOKERA KUMISHA
YAVO. SAKA VANHU VAIFANIRA
KUFAMBA NGLIVA ICHIPO.

AZADZWA NESIMBA
RAMWARI, ERIYA
WAKAMHANYA
MBERI KWENGORO
KWEMAMAIRA
ANODARIKA MAKUMI
MAVIRI ACHIDZOKERA
KUMUZINDA
WAMAMBO.



BODO, ERIYA
ARIPANZE UYU,
AMHANYA MBERI
KWENGORO
KUBVA KUGOMO
REKAMERA.

NDINOONA
MVURA YAKUDA
KUNAYA, SAKA
IZVI ZVINOREVA
KUTI MAURAYA
ERIIYA HERE?

UNONYEPA IWE,
HAKUNA MUNHU UNGAMHANYE
MAMHANYIRO IWAYO! VARIPI
VAPOROFITA VABHAARI TIPEMBERE
NOKUFARA HEDU ISU KUTI
MVURA YAIYA?


1 MADZIMAMBO 18:40-41, 44-46, 19:1




NDAITA
KUTI VAURAWE
VOSE. VAINYEPA
NEKUNYENGERA
VANHU.



WAITA SEI?
BENZI ROMUNHU.
LINGADAI WALURAYA ERIYA!



MWARI WAKE
ANODAVIRA NOMOTO.
VAPIRISITA VEDU VANGE
VASINA SIMBA, VANHU
VOSE VATENDEUKIRA
KUNA JEHOVHA.



NHAI
MUDIWA, CHII
CHANDAIGONA
KUITA? NDANGA
NDOTYA
VANHU.

WALURAYA
VAPIRISITA
VANGU.

BENZI
ROMLINHU!

A woman with a determined and shouting expression stands on a balcony. She is wearing a purple robe with gold trim and a gold headband. Her right arm is raised. In the background, another person's hand is visible, also raised. The scene is set on a balcony of a building with stone walls and a window. A small figure is visible on the ground below.

HAKUNA MUNANA
LICHABATSIRA

ERIYA KUBVA
KURUOKO RWABHAARI.

REGA
NDITIZE KUBVA
PANO.



ERIYA WAKATADZA
KUVIMBA NAMWARI
NDOKUTIZA
NOUPENYU HWAKE.

1 MADZIMAMBO 19:1-4

A man with a beard, wearing a blue and red robe, is sitting on the ground in a rocky, mountainous landscape. He is looking down and to the left. The background shows jagged mountains under a blue sky. The man is holding a long wooden staff or stick.

MWARI INI
NDANETA, HAPANA
CHANDICHAGONA KUITA,
REGAI NDIFE ZVANGU.

NDINONYARA
NEZVANDAITA,
HANDICHAZVIGONA INI,
NDAKANGOFANANA
NEMADZITATEGURU
ANGU, REGAI NDIFE
ZVANGU,



ERIYA WAKATIZA
KWEMAZUVA MAKUMI
MANA, AKANOHWANDA
MUBAKO MUGOMO
RESAINAYI LIMO
MWARI VAKAPA
MIRAIRO INEGLIMI
KUNA MOZISI.



**ERIYA
URUKUITEI
PANO?**

**VANHU VOSE
VARASA MIRAIRO
YENYU. VAPOROFITA
VENYU VOSE
VAKAURAWA NDINI
NDOGA NDASARA,
ZVINO VANODA
KUNDIURAYAWO.**

**ENDA UNOMIRA
MUGOMO PAMBERI
PAJEHOVHA.**

AKAMIRAPO
KWAKALIYA MHEPO
ZHINJI, ASI MWARI
WAKANGE ASIRI
MUMHEPO.

1 MADZIMAMBO 19:4, 8-12

KWAKALIYA KUDENGENYEKA
KWENYIKA ASI MWARI
VAKANGE VASIMIRI
MUKUDENGENYEKA IMOMO.

PAKUPEDZISIRA,
KWAKALIYA MOTO
MUKURU, ASI MWARI
VAKANGE VASIRI
MUMOTO IWOYO.

MWARI VAIDA KUZVIRATIDZA
KUTI VAIDARIKA HASHA
DZAJEZEBHERO.




PAKAPFULURA MHEPO, KUDENGENYEKA,
NEMOTO, ERIYA WAKANZWA IZWI
RASHE NEKAZWI KADIKI-DIKI. MWARI
VAKABVUNZA ERIYA MUBVUNZO
MUMWECHETE WEKARE.

ERIYA,
URIKUI TEI
PANO?

ERIYA AINGE
ASATI ONZWISISA
NDOKUPINDURA
SEPAKUTANGA.

VANHU VOSE
VARASA MIRAIRO
YENYU. VAPOROFITA
VENYU VOSE VAKAURAWA,
NDINI NDOGA NDASARA,
ZVINO VANODA
KUNDIURAYAWO.



**KANA KUKURIKO
KUFUNGA KWAKO, ENDA
UNOZODZA ERISHA
SEMUPOROFITA AGOTORA
NZVIMBO YAKO.**

**HAUZVIZIVI, ASI KUNE ZVIURU
ZVINOMWE ZVAVAIZIRAYERE
VASATI VAMBOPFUGAMIRA
BHAARI KANA KUTSVODA TSOKA
DZAKE. CHIENDA HAKO, MHURI
YOSE YAAHABHU ICHAFU.**



ERIIYA WAKAONA
ERISHA ACHIRIMA
NEMOMBE
NDOKUMUZODZA
SOMUPROFITA.


MWARI
VATI UCHAVA
MUPOROFITA
WAVO.

NDAKUPIRA
MOMBE
DZANGU KUNASHE
SECHIPIRISO
NDIGOKUTEVERA.

1 MADZIMAMBO
19:12-21

PEDYO NEMUZINDA
WAAHABHU
PAIVA NEMUNDA
WEMIZAMRINGA
WANABHOTI. CHERO
MURAIRO WAMWARI
WAITI USACHOCHORE
CHEMUMWE, AHABHU
ACHIFUNGISISA NEZVAZVO
AKADA MUNDA UYU
KUTI LIVE WAKE.






AHABHU LIYO AIVA
NEMARI ZHINJI
AKAFUNGA KUTENGA
MUNDA WANABHOTI.

TENGESA MUNDA
WAKO URIPEDYO
NEMUZINDA WANGU
NDIGOKUTSVAGIRA
MUMWE.

MWARI HAVATENDERI
CHINHU CHAKADARO.

MUNDA UYU
WAGARA MUMHURI MEDU
KWEMAKORE MAZANA
MASHANU. HANDITENDERWI
KUUTENGESERA
VATORWA.





NDIUDZE
MUDIWA, SEI
USINGADI KUDYA
KANA KUNWA?
WAKALUNA-UNA
NEYI KUDAI?

NOKUTI
NABHOTI HAADI
KUNDITENGESERA
MUNDA WAKE.

EKISODHO 20:17; 1
MADZIMAMBO 21:1-7



IMI NDIMI MAMBO,
ASI MUNOREGERA VARANDA
VENYU VACHIKUSHAYISAI
MUFARO NEI? NDICHAKUPAI
MUNDA IWOYO.




NDICHAKURIPIRAI
ZVAKAPETWA PAMUNENGE
MAPEDZABASA IRI. MUSATI BUFU
KUNE MUNHU PAMOSORO PENYAYA
IYI MUKADARO HAMLIZOWANI
ZVANDAREVA.

MURAIRO WAMOSISI
UNOTI USAREVERA NHEMA
MUVAKIDZANI WAKO.

HEYO MARI IYO...
CHIKI CHIKI..

A hand is shown holding a stack of four gold coins. The hand is positioned in the lower center of the frame, with fingers slightly curled around the coins. The background is a textured, brownish-gold color, suggesting a surface or a wall. The overall style is that of a comic book illustration.




APO,
UYO ARI
APO UYO!

NDIZVOZVO,
ATI MAMBO
VANOFANIRA
KUFA.

UYE ATI MWARI
VACHATUMA MWEYA
YERIMA KUZOBATA
MAMBO.

UNOFANIRA
KUFA KANA
WADARO.

VAKAMLITORA
NDOKLUNOMLURAYA.




HONA
MUDIWA,
MUNDA WAKO
WAWAIDA LIYO.
HAUNGABUDIRIRE
KANA
USINGASHANDISE
SIMBA MUNYIKA
MUNO.


WAKANAKA,
WAKANAKISA
MUNDA LIYU.
ZVECHOKWADI
WAIFANIRA KUVA
WANGU MUNDA
LIYU.

CHERO JEZEBHERO AIZIVA KUTI
BHAARI AKANGE ASINA MESO
OKUONA, AIZIVA HAKE KUTI MWARI
ANOONA LYE HAANA HANGANWA.

EKISODHO 20:16; 1
MADZIMAMBO 21:10-16




**ERIYA, AHABHU
WAENDA KUNOPAMBA
MUNDA WANABHOTI,
ENDA KO UNOMLIPA
SHOKO RAMWARI.**



AHABHU, WAURAYA MUNHU
ASINA MHOSVA NDOKUPAMBA
MUNDA WAKE. NOKUDA KWEIZVI
NEZVIMWE ZVIVI ZVAKO,
PAKANANZWA ROPA RANABHOTI
NEMBWA PACHANANZWA ROPA
RAKO.

MUVENGI
WANGU
WANDIWANIRA
PANO NHASI
HERE?



HAUKWANISE
KUHWANDA
KUBVA KUNA
JEHOVHA.
WAKATENGESA
MWEYA WAKO
NOKLIDA
KWEMARI,
ZVINO MWARI
VACHAUNZA
ZVAKAIPA
KWAURI IWE
NEMHURI YAKO
YOSE. MOSE
KUSANGANISIRA
VANA VADIKI
MUCHAFA.

IWE WASHATIRISA
MWARI. IMBWA
DZICHADYA MUTUMBI
WAJEZEBHERO.
HAKUNA WEMHURI
YAKO ACHAVIGWA
ZVINE CHIREMERA.
VOSE VACHAFIRA
MUSANGO VACHIDYIWA
NEZVIMBWAMUPENGO
PASINA AVIGWA.



IRI
IZWI RAMWARI
RICHAZADZISWA
MUNGUVA
YARO.


VEDUWE,
NDICHATANGA
KUPIRA KUNASHE
ZVEKARE.

1 MADZIMAMBO
21:17-26



ZVOSE
ZVAKATALURWA
NAERIYA
ZVAZADZISWA.

AHABHU
WAKAPIRA
KUNASHE ASI
WAISAMUTEVERA
NEMOYO WOSE.

A comic book illustration depicting a scene. On the right, a man with a beard and long hair, wearing a blue robe with a white fur collar, sits on a throne. He is looking towards a group of men on the left. One man in the center, with a beard and a blue robe, is gesturing with his hands as if speaking. Behind him are two other men, one with a beard and a green robe, and another with a beard and a brown robe. In the foreground, a man with a beard and a blue robe is playing a yellow trumpet. The background shows a stone building with windows and a tree.

VAPOROFITA VENHEMA
VAKAZOYAMBIRA MAMBO
PANYAYA YECHIUTO.

ENDA
UNORWA KUDUNHU
RERAMOTI-GIRIYADHI,
MWARI VACHAKUPA
KUKUNDA KUKURU.

VAPOROFITA VOSE
VAKATENDERANA
PACHINHU ICHI.




MAMBO AHABHU, JEHOVHA
VANOTI MUCHANOFIRA KUHONDO
KURAMOTI GIRIYADHI.

MUSATEERERE
MAIKA UYU, PANESU
MAZANA MANA
VAPOROFITA VAJEHOVHA.
MUCHANOWANA
KUKUNDA KUKURU
NEUPFUMI HUZHINJI
KURAMOTI GIRIYADHI.

NDAKAMUZVONDA
MAIKA, ANONGOTaura
ZVEKUDZIKISIRA VAMWE
CHETE.


MAMBO AHABHU, MAITA CHINHU
CHAKAIPA MUMAZISO AMWARI.
MUNOBVUNZIRA KUVAPOROFITA
VENHEMA VANOBHADHARISA
KUTaura MASHOKO ENHEMA.






ND AONA MWARI VAGERE PACHIGARO,
VAKAKOMBEREDZWA NENGIROZI DZEDENGA.
VABVUNZA VAKATI, KUBVA PAKAUDZWA AHABHU
NAERIYA KUTI UCHAFU, WAVAKUCHERECHEDZA
MAFAMBIRO AKE ZVAKANYANYA.

NDIYANI
LINGANOMUKWEZVA
KUTI AENDE KUHONDO
YERAMOTI GIRIYADHI
ANOTSAKATIKIRA
IKOKO?




LIYO AKATI ZVAKATI,
MUMWE ACHITIWO
ZVAKATI, MUSHURE
MAZVO PAKASUMUKA IMWE
YENGIROZI NDOKUTI:
NDICHAENDA SOMWEYA
WENHEMA KUNONYEPERA
VAPOROFITA VAKE
VENHEMA. NDICHAMUTI
AENDE KUHONDO
KURAMOTI GIRIYADHI.

***IRO IZANO
RAKANAKA.
VACHAPOROFITA KUTI
ACHANOKUNDA, ASI
INI NDICHAITA KUTI
ANOPARARA.***




UNOFUNGA
KUTI MWEYA
WASHE WANDISIYA
UCHINOTAURA
NEWU?

**MBAMA.
PWAA..**




UCHAZIVA KUTI
ANEMWEYA WASHE NDIYANI
PAUCHAPINDA MUMBA
YEMUKATI UCHITIZA
NOUPENYU HWAKO.

CHAVA CHII
ICHI, RIMWE IZWI
RECHIPOROFITA?
GE GE GE..



KANDAI MUCHINDA
LILU MUTIRONGO,
MONGOMUPA CHIKAFU
CHINOITA KUTI ARARAME
KUSVIKA NDADZOKA. IPAPO
NDOPANDICHAMUURAYA.

KANA MUKADZOKA
MURIVAPENYU,
NDINOKODZERA KUURAWA
NOKUTI NDINENGE NDIRI
MUPOROFITA WENHEMA.



MAITA
ZANO RAKANAKA
KUZVIVANZA
SEUTO, HAPANA
ACHAZIVA KUTI
NDIMI MAMBO.
MALITO EDU
ARIKUHWINHA,
REGAI TIONE KUTI
MUPOROFITA
UYA ACHATII
ACHIKUONAI
MADZOKA.


ICHOKWADI,
NHUMBI IDZI
DZINONDIDZIVIRIRA
KUBVA KUMINONDO
YOSE YEWAKAIPA.

1 MADZIMAMBO 22:24-30


LITO RAKANGOPFURA MUDENGA RICHITARISIRA
KUTI RICHABAYA MUMWE WEVAVENGI VARO.











GA.. GA..

YOWEEE..

**CHII
ICHI?**





KASIRA, ROPA
ROCHURURURUKA
ZVAKANYANYA.

**MIRAI,
MIRAI,
NDOUYAKO.**



NDINE
UROMBO
ASI VAFA
AVA.

MUNONDO
WANANGA PASINA
KUSHONGEDZWA
NENHUMBI DZAVO
DZEHONDO.
NDINOFUNGA KUTI
NGUVA YAVO YOKUFA
YANGE YAKWANA.

**MWARI
WANGU,
KWETE
KANI!**

ISAI MUTUMBU
WAVO MUMUNDA
WANABHOTI
TOZOUCHENGETA
ZVAKANAKA TAVA
NENGLIVA.






SEKUREVA KWAERIYA IMBWA
DZAKANANZVA ROPA RAAHABHU
MUMESO AJEZEBHERO. AHABHU
WAIVA WOKUTANGA KUFA NENZIRA
IYI, VAMWE VACHIZOTEVERA.

VAPEDZA KUGEZA ROPA
RAAHABHU MUNGORO YAKE,
VAKADZOKERA KUMUZINDA.

KO MAMBO
URUPI? ASI
UNOPEMBERA
KUKUNDA KWAKE
MUHONDO
HERE?



1 MADZIMAMBO 22:37-38; 2
MADZIMAMBO 9:8-10



URI BENZI ROMUNHU! HAUSI
MUPOROFITA WAMWARI, AHABHU
WAFWA SOKUREVA KWAMIKA,
MUPOROFITA WAMWARI
WEMAZVIROKWAZVO.

HAZVINGADARO
ZVE.. VARANDA
VOSE VAKAZVIPIRA
VAKATI AHABHU
UCHAKUNDA.

KWETE VOSE.
MIKA WAWAKAROVA MBAMA
UKAMUISA MUTIRONGO HAANA
KUDARO. VANHU VACHAKUURAYA
PAVACHANZWA IZVI.



BUDA
UENDE,
AHABHU
WAFU.

NDINOZVIZIVA HANGU,
IMBWA DZANANZVA ROPA
RAKE SEKUREVA KWAKAITA
SHOKO RAMWARI. JEZEBHERO
UCHATEVERA NEHAMA
DZAAHABHU DZOSE, MWARI
WATAURA.



REGAI
NDIVANDE.

YOWEE! GARAZVIYA, MIKA
WAKATI NDICHAZIVA UNEMWEYA
WAMWARI MUSI WANDICHAVANDA
MUIMBA YOMUKATI.



VANA VAAHABHU VAKATORA HUSHE
KUNA BABA VAVO, JEZEBHERO
ARIMAMBOKADZI KWEMAKORE GUMI
NEMAVIRI. IZIRAYERE YAKAENDERERA
MBERI ICHINAMATA ZVIFANANIDZO
NOKUTYORA MURAWO WAMWARI.



MWARI VAKATURA SHOKO
ROKURWISA IMBA YAAHABHU. NGUVA
YAKWANA YOKUTI DZINZA RAAHABHU
RICHIPARARA. HAKUCHAZOSARI KANA
MUCHECHE ZVAKE. JEZEBHERO
ACHADYIWA NEMBWA PASINA
UNOMLIVIGA ZVINEMUTSIGO.

MUSHURE
MEMAKORE GUMI
NEMAVIRI.

REGAI
NDIZVIGADZIRE
CHISO CHANGU KUTI
MUKURU WEHONDO
JEHU PAANONDIONA
AGOFADZWA NENI.



2 MADZIMAMBO 9:30

REGAI
NDIMIRE PANO
PAKAKWIRIRA
PAVANOONA KUTI
NDINI NDIRI
KUTONGA.



**NDIYANI
URIKURITIVI
RWANGLU.**





**ISU
TIRIKURITIVI
RWENYU MUKURU
WEHONDO
DZEDU.**

**SAKA KANDAI
JEZEBHERO
PASI.**

**HAMUNGADARO!
NDINI
MAMBOKADZI.**



YOWEE...



**SIYAI
MUTUMBI
WAKE
WAKADARO
PASI
IPAPO.**

IMBWA DZAKADYA MUTUMBI
WAJEZEBHERO DZIKANANZVA
ROPA RAKE, PAKAFIRA AHABHU
SEKUREVA KWESHOKO
REMRANDA WASHE.



**GUDYA,
GUDYA,
GUDYA...**


IMBWA DZAKASIYA MAOKO AKE
AKANGE ABATA ZVAKAIPA ZVIZHINJI.

SEKUREVA KWEMUPOROFITA
WAMWARI, DZINZA ROSE
RAAHABHU RAKAURAWA
KUKASARA PASINA KANA
MUMWE ZVAKE.

AVO VAKAFIRA MUMINDA
VAKADYIWA NEZVIMBWAMUPENGO,
AVO VAKAFIRA MUMAGUTA
VAKADYIWA NEMBWA. ZVECHOKWADI
MUBAIRO WEZVIVI NDIRWO RUFU.



APO ERIYA WAINAMATA, VANA
VEVAPOROFITA VAKALIYA
NESHOKO KUNA ERISHA.



MWARI VATAURA
KWATIRI. UNOZIVA
HERE KUTI TENZI WAKE
ACHABVISWA PAKATI PEDU
ACHIENDA KUDENGA
MUZUVA RANHASI.

NDINOZVIZIVA,
ASI CHIREGAI
KUZVISHAMBADZA.




ERISHA,
GARA PANO,
NDICHAMBOENDA
KUJERIKO.

NAMWARI
MUPENYU, HANDISI
KUZOREGA MUCHIENDA
MUCHINDISIYA.



UNOZVIVA HERE
KUTI TENZI WAKO ERIYA
LICHABVISWA PATIRI
ACHIENDA KUDENGA.

HONGU NDINOZVIZIVA,
CHIREGA KUTISHUSA.
CHIZVICHENGETA MUMOYO
MAKO IZVOZVO.



CHIGARA
PANO PAJERIKO,
NDICHAMBOENDA
PEDYO APO PARWIZI
RWEJORODHANI.

NAMWARI MUPENYU
HANDISI KUZOKUSIYAI
MUCHIENDA MOGA.



VANA
VEVAPOROFITA
AVO
VOTITEVERA
ZVEKARE.

TICHAFAMBA
NEPAKAOMA.

TICHABIRA
MHIRI SEYI RWIZI
JORODHANI
RWAKAZARA
KUDAI?

2 MADZIMAMBO 2:3-7

WAAA.. VHUURIKA...

AIKA...

IZVI NDOZVINHU
ZVANDANGE
NDISINGAFANIRWE
KURASIKIRWA
NAZVO IZVI.

WAZVIONA HERE
IZVO? MVURA
YAPATSANURWA
VAKAFAMBA
NEPAKAOMA.

NDAZVIONA,
SEZVAKAITWA
NAMOZISI
CHAIZVO.

**DAI VAPOROFITA
VABHAARI
VAZVIONERA ZVINHU
ZVAKADAI.**



CHII CHAINODA
KUTI NDIKUITIRE
NDISATI
NDAENDA?

WAKUMBIRA
CHINHU CHAKAOMA,
ASI UKANDIONA
NDICHIENDA
ZVICHAVA
SAIZVOZVO.

NDINODA
ZVIPANDE ZVIVIRI
ZVOMWEYA
UNOSHANDA
MAMURI.

2 MADZIMAMBO
2:8-11



**NGORO
YEMOTO
YAMWARI!**

NECHAMUPUPURI!


HOYOOO... KINATSU...

NGORO YEMOTO
YAKAPATSANURA
ERIYA NAERISHA.





ERIYA WAKATORWA
NECHAMUPUPURI
AKAENDA KUDENGA.

A man with a shaved head, wearing a blue head covering with a fringed edge and a brown robe, is kneeling on the ground in a desert landscape. He is looking down at his hands, which are resting on the ground. The background shows a blue sky and a rocky, hilly terrain.

KUNZE KWAKANGE
KWAKANYARARA.
ERIYA WAKANGE WAVA
MULVAPO HWAMWARI.

CHANGOSARA
NDIWO MUCHEKA
WAKE UYU
WOGA.

2 MADZIMAMBO
2:11-13

A man with a beard, wearing a brown tunic and a blue shawl with fringes, stands in the foreground. He is holding a red cloth high above his head with both hands. He is looking towards the right side of the frame. In the background, there is a landscape with a river, green hills, and mountains. A group of people, dressed in blue robes, are standing on a grassy bank in the distance. A speech bubble is positioned above the man, containing the text "URIPKO MWARI WAERIYA?".


URIPKO
MWARI
WAERIYA?



**MWEYA
WAERIYA WAVA
PANA ERISHA!**

**NDIZVOZVO
CHAIZVO.**

**IRI IZLVA
RAKASARUDZIKA
IRI!**



ERISHA WAKAITA MINANA
YAKAPETWA KAVIRI
PANE YAERIYA, ASI
VANHU HAVANA KUSIYA
KUNAMATA ZVIFANANIDZO.

KO ERIYA
WAENDEPI?

HANDEI
TINOMLITSVAGA!

ZVICHABATSIREIKO
IZVOZVO, WAENDA
KUDENGA.

2 MADZIMAMBO
2:14-16



<https://goodandevilbook.com/>